


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode deskriptif. Métode deskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hubungan antara implikatur konvérssasi jeung polah ucapan dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi.

Aya sababaraha léngkah pikeun ngararancang jeung ngalaksanakeun ieu panalungtikan, nyaéta (1) ngarumuskeun masalah anu aya patalina jeung implikatur konvérssasi katut polah ucapan; (2) maca novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi sacara gembleng; (3) ngumpulkeun data ku cara nyalin kalimah nu ngandung implikatur konvérssasi jeung polah ucapan kana kartu data; (4) ngawilah-wilah data anu kaasup implikatur konvérssasi jeung polah ucapan; (5) nganalisis data dumasar kana hubungan antara implikatur konvérssasi jeung polah ucapan; (6) nyusun tabé'l hubungan antara implikatur jeung polah ucapan; jeung (7) nyieun kacindekan. Anapon galur panalungtikanna saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta implikatur jeung polah ucap dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi anu jadi sumber data. Éta novél téh diterbitkeun ku PT Kiblat Buku Utama di Bandung taun 2018, citakan ka-5. Ieu novél téh ukuran bukuna 14,5 cm × 21 cm, kandelna 72 kaca, ngawengku 9 subjudul, jeung 20 palaku. Novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi téh salasahiji novél barudak anu geus sah dipaké di sakola pikeun bahan ajar dumasar kana *Keputusan Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat Nomer: 819/27496-Set. Disdik* taun 2013.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ulikan pustaka. Moloeng (2015, kc. 159) nétélakeun yén ulikan pustaka téh nyaéta bahan tambahan anu asalna tina sumber tinulis saperti buku jeung majalah ilmiah, sumber tina arsip, dokumén pribadi, jeung dokumén resmi.

Dumasar kana pedaran di luhur, kawangun léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data panalungtikan saperti ieu di handap.

- a. Nangtukeun sumber data, nyaéta novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi.
- b. Maca novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi sacara gembleng.
- c. Nyirian kalimah dumasar implikatur konvérsasi jeung polah ucap anu nyampak dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi.
- d. Nyalin implikatur konvérsasi jeung polah ucap kana kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu dipaké nyaéta kartu data. Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data tina sumber data. Eusi dina kartu data ngawengku no data, kode data, cutatan paguneman tokoh, implikatur konvérsasi (maksim nu dirempak), jeung jenis polah ucap. Data anu digunakeunna nyaéta unggal paguneman anu kaasup implikatur konvérsasi jeung polah ucap anu kapaluruh dina novél *Babalik Pikir*. Data implikatur konvérsasi jeung polah ucap anu aya dina novél *Babalik Pikir* disalin kana kartu data tuluy dibéré idéntitas.

No. Data: 1	Kode Data: (BP/1/5)				
AE: “Ieuuh, ieuuh, manéhna! Geura hudang geus beurang! Tah déngékeun hayam raong kongkorongok, manuk-manuk récét disarada,” E: “Eeeeh...! Karah ieu téh geus beurang?”					
Prinsip Paguneman	<table border="1"> <tr> <td>1A</td><td>1B</td><td>1C</td><td>1D</td></tr> </table>	1A	1B	1C	1D
1A	1B	1C	1D		
Polah Ucap	<table border="1"> <tr> <td>2A</td><td>2B</td><td>2C</td><td>2D</td></tr> </table>	2A	2B	2C	2D
2A	2B	2C	2D		

Bagan 3.2 Kartu Data

Keterangan:

No. : Nomer
 BP : Babalik Pikir
 1 : Bagian novél
 5 : Kaca novél
 AE : Ambu Eméd
 E : Eméd
 1A : Kuantitas
 1B : Kualitas
 1C : Hubungan
 1D : Cara
 2A : Komisif
 2B : Impositif
 2C : Éksprésif
 2D : Asértif

Dumasar kana kartu data, tuluy disusun runtusan data saperti ieu di handap.

Tabé1 3.1
Data Paguneman

No. Data	No. Omongan	Data Paguneman	Kode Data
(01)	(001)	AE: “Ieuuh, ieuuh, manéhna, manéhna! Geura hudang geus beurang! Tah déngékeun hayam raong kongkorongok, manuk-manuk récét disarada.”	(BP/1/5)
	(002)	E : “Eeeeh...! Karah ieu téh geus beurang?”	
(02)	(003)	PE : “Ari Si Eméd geus hudang, manéhna?”	(BP/1/5)
	(004)	AE: “Ih, si éta mah irahaeun teuing hudang rebun-rebun, tampolana najan moncorong panonpoé ogé, ari teu diguyah-guyah mah, tara buru-buru hudang.”	

Dumasar kana runtusan data, tuluy disusun format analisis data implikatur konvérsasi saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Data Implikatur Konvérssasi

No. Urut	No. Data	Data	Prinsip Gawé Bareng			
			1A	1B	1C	1D
1.	(05)	PE : “Geus hudang Si Eméd téh, manéhna?” AE : “ <i>Tacan, puguh nya éta diguyah-guyah téh kalah beuki morongkol kawas kuuk.</i> ” (BP/1/6)	✓			
2.	(015)	AE : “Héh ieu Eméd timbel téh, jig buru-buru geura indit!” E : “ <i>Har, na mana ari deungeunna jeung lalabna keur kuring, Ema?</i> ” (BP/1/10)		✓		

Dumasar kana runtusan data, tuluy disusun format analisis data polah ucap saperti ieu di handap.

Tabél 3.3
Data Polah Ucap

No. Urut	No. Omongan	Data	Polah Ucap			
			2A	2B	2C	2D
1.	(003)	PE : “Ari Si Eméd geus hudang, manéhna?” (BP/1/5)	✓			
2.	(004)	AE: “ <i>Ih, si éta mah irahaeun teuing hudang rebun-rebun, tampolana najan moncorong panonpoé ogé, ari teu diguyah-guyah mah, tara buru-buru hudang.</i> ” (BP/1/5)			✓	

Dumasar kana runtusan data, tuluy disusun format analisis data hubungan antara implikatur konvérssasi jeung polah ucap saperti ieu di handap.

Tabél 3.4
Data Hubungan antara Implikatur Konvérssasi jeung Polah Ucap

No. Urut	No. Data	Data	Analisis
1.	(02)	PE : “Ari Si Eméd geus hudang, manéhna?” AE: “ <i>Ih, si éta mah irahaeun teuing hudang rebun-rebun, tampolana najan moncorong panonpoé ogé, ari teu diguyah-guyah mah, tara buru-buru hudang.</i> ”	Hubungan: Kuantitas – Éksprésif Ngarempakna maksim kuantitas aya patali jeung kedalna polah ucap éksprésif keuheul Ambu Eméd ku kalakuan Eméd anu héssé dihudangkeun. Antukna omongan Ambu Eméd jadi kaleuleuwih, lantaran ngedalkeun kabéh kakeuheulna.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 244), téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta prosés néangan jeung nyusun data kalawan éntép seureuh, ku cara ngaoorganisasikeun data kana katégori, ngaruntuykeun kana unit-unit, ngalakukeun sintesa, nyusun kana pola, sarta nyieun kacindekan anu dipikaharti ku diri sorangan jeung nu maca. Téhnik ngolah data anu dipaké nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Hartina analisis dilakukeun kana unsur-unsur basana sorangan. Léngkah-léngkah dina nganalisis data saperti ieu di handap.

- a. Mariksa deui data implikatur konvérnsasi jeung polah ucapanan kapaluruh dina sumber data.
- b. Nyieun papasingan implikatur konvérnsasi dumasar kana prinsip paguneman gawé bareng nu dirempak jeung papasingan polah ucapan dumasar kana fungsi polah ucapna.
- c. Nganalisis data implikatur konvérnsasi jeung polah ucapan dumasar kana sumber data panalungtikan.
- d. Ngadéskripsikeun implikatur konvérnsasi jeung polah ucapan anu aya dina sumber data.
- e. Napsirkeun implikatur konvérnsasi jeung polah ucapan katut patalina dumasar kana data hubungan antara implikatur konvérnsasi jeung polah ucapan.
- f. Nyieun kacindekan.